

KOMONNWEÛT MASSACHUSETTS
DEPATMAN TRANSPÒ MASSACHUSETTS - DIVIZYON GRANWOUT (HIGHWAY DIVISION)
ANONS POU YON ODISYON PIBLIK
Nimewo Dosye Pwojè a : 608049

Pral genyen yon Odisyon Piblik Vityèl sou Plannifikasyon k ap òganize an dirèk sou pòtay entènèt MassDOT pi ba la a, pou prezante modèl pou Amelyorasyon Koridò ki pwopoze pou Route 79 / Davol Street nan Fall River, MA.

KILÈ: 6:30 pm-8:30pm, mèkredi 27 oktòb 2021

REZON: Rezon pou odisyon sa a, se pou bay piblik la yon chans pou li byen konprann kisa yo pwopoze pou pwojè Amelyorasyon Koridò nan pwojè pou Modèl Konstriksyon sou Route 79 / Davol Street la. Tout kòmantè ak opinyon moun fè konnen nan odisyon dirèk anliy sa a pral analize ak pran an konsiderasyon nan mezi maksimòm ki posib.

PROPOSAL: Pwojè ki pwopoze a genyen ladan li an menm tan plannifikasyon ak konstriksyon koridò Route 79 / Davol Street la. Route 79 ki la kounye a ap deplase pou li prèske aliyen avèk direksyon nò ak sid Davol Street, epi sa pral prèmèt louvri teren pou devlopman ki aliyen avèk Route 79 ki la kounye a. Travay la genyen ladan li tou, san se pa sa sèlman, plannifikasyon ak konstriksyon ri nan zòn lan ki konnekte avèk koridò a, tankou Brightman Street, President Avenue, Hathaway Street, ak Turner Street. Pwojè a genyen ladan tou plannifikasyon ak konstriksyon yon rezo ki genyen itilizasyon pataje santye ak twotwa, ak nouvo limyè siyalizasyon pou trafik. Pwojè a mande tou plannifikasyon ak konstriksyon nouvo estrikti pou pon ak miray sipò, ansanm ak yon nouvo sistèm drenaj.

Yon dwa pasaj sekirite nesèsè pou pwojè sa a. Sa kapab mande peman, ak dwa aksè pèmanan oubyen tanporè. Komonnwèl Massachusetts gen responsablite pou li pran aksyon k ap pèmèt jwenn dwa pou sèvi avèk teren prive ak piblik. Yo pral pale sou règleman MassDOT sou jwenn dwa pou sèvi avèk teren, pandan reyinyon sa a.

Pou plis enfòmasyon sou pwojè a, gade nan adrès: www.mass.gov/route-79-davol-street-corridor-improvements

Pou mande enfòmasyon sou pwojè a, deklarasyon ekri, oswa lòt dokiman sou aksyon yo pwopoze yo, ekri nan adrès: Carrie E. Lavalley, P.E., Ranplasan Enjennye an Chèf, oubyen voye yon mesaj elektwonik nan adrès dot.feedback.highway@state.ma.us oubyen nan adrès postal nan Etazini a, ki se : Suite 6340, 10 Park Plaza, Boston, MA 02116, Attention: **Major Projects**, Project File No. **608049**. Si gen deklarasyon oswa lòt dokiman ou vle fè parèt nan transkripsyon odisyon piblik la, voye yo nan kourye elektwonik oswa nan lapòs, pa pi ta pase dis (10) jou ouvab apre dat odisyon an afiche nan pòtay entènèt MassDOT pi ba la a.

Gen aranjman pou pèmèt moun ki andikape patisipe nan odisyon sa a. MassDOT kapab fè aranjman rezonab gratis pou moun ki mande, oswa li kapab bay asistans nan lang (tankou entèprèt pou pale angle ak siy, ak pou lòt lang, soutit vizib, videyo, aparèy pou moun ki pa tande byen, oswa dokiman nan fòm altènativ) toutotan sa posib. Pou fè aranjman oubyen pou mande asistans nan lang, ou mèt kontakte Responsab an chèf MassDOT pou Divèsite ak Dwa Sivik la nan nimewo telefòn (857-368-8580), oswa nan nimewo TTD/TTY (pou moun ki pa tande byen) ki se (857) 266-0603, oswa nan nimewo faks (857) 368-0602, oswa nan adrès elektwonik (MassDOT.CivilRights@dot.state.ma.us). Demann sa yo dwe fèt pi bonè ou kapab anvan jou reyinyon an. Pou sèvis ki pi difisil pou jwenn yo, tankou lang ki pale ak siy, oswa CART, oswa tradiktè ak entèprèt, demann yo dwe fèt omwen dis (10) jou ouvab davans, anvan jou odisyon an.

Odisyon Piblik nan Modèl Vityèl sa a, oubyen ànons ànilasyon li, pral afiche sou entènèt nan adrès <https://www.mass.gov/massdot-highway-design-public-hearings>

JONATHAN GULLIVER
ADMINISTRATÈ POU GRANWOUT

CARRIE E. LAVALLEY, P.E.
RANPLASAN ENJENNYÈ AN CHÈF